

Siy ki Endike Bezwen pou Evalyasyon Seksyon 504

Si pitit ou a genyen yon andikap epi nenpòt bagay sa yo aplikab pou li, ou ta dwe konsidere kontakte lekòl ou a pou mande yon evalyasyon 504:

- Y ap konsidere Sispansyon oswa ekspilsyon.
- Pèfòmans akademik pi ba pase sa yo te espere.
- Yo evalye elèv la epi li pa elijib pou Edikasyon Elèv Espesyal.
- Elèv la montre siy yon pwoblèm medikal kwonik.
- Elèv la enskri nan yon Plan 504 yon lòt reyon oswa eta.
- Elèv la absan yon fason kwonik akòz pwoblèm medikal oswa sante.
- Elèv la resevwa medikaman nan lekòl la.
- Yo te deja jwenn elèv la inelijib pou Seksyon 504 akòz mezi asouplisman.
- Lopital te egzeyate elèv la/yo te sispan pwogram adomisil.
- Ou te pran desizyon pou revoke elijiblite ak sèvis atravè Edikasyon Elèv Espesyal

Yo Egziye Limitasyon Siyifikatif

- Elèv la kapab genyen yon kondisyon oswa andikap, men li pa bezwen akomodasyon 504 pou l reyisi nan klas la.
- Gwo aktivite aprantisaj lavi kapab pa afekte nan yon fason ki siyifikatif.
- Kèk elèv kapab genyen yon andikap ki pa afekte aprantisaj, men yo toujou bezwen akomodasyon pou aprann.

Dwa

Avèk yon rekòmandasyon pou Seksyon 504, ou pral resevwa yon Avi sou Dwa Elèv ki genyen andikap ak paran yo, ki dekri pwosedi pou pwoteje dwa paran yo ki anplas pou elèv Seksyon 504.

Sonje:

Si w sispèk pitit ou a genyen yon andikap fizik oswa mantal, ou ta dwe kontakte responsab 504 nan lekòl ou a.



Depatman Edikasyon Elèv Espesyal

Distri Lekòl Reyon Palm Beach

Espesyalis ADA/504 Distri


Kim Doyle

Kimberly.Doyle@palmbeachschools.org

561-434-8817

**Pou plis enfòmasyon kontakte
Responsab 504 la nan lekòl pitit ou
a.**

SEKSYON 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon



Yon Gid pou paran



Kisa ki Seksyon 504 ?

Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon fèt pou pwoteje dwa sivil endividi ki genyen andikap. Entansyon lwa a se pou evite nenpòt fòm diskriminasyon ki baze sou andikap

Kijan Seksyon 504 defini "Andikap" ?

Pou yon elèv anba Seksyon 504, yo dwe detèmine li:

- genyen yon andikap fizik oswa mantal ki siyifikativman limite youn oswa plis aktivite la vi ki enpòtan;
- genyen yon dosye sou andikap sa a; oswa
- yo konsidere li genyen yon andikap

Kijan Distri a Defini Elijiblite?

Elèv yo dwe genyen yon andikap fizik oswa mantal ki limite youn oswa plis aktivite lavi oswa fonksyon kò a ki enpòtan anpil; genyen yon dosye sou andikap sa a; oswa yo konsidere l genyen andikap sa a.

Aktivite Lavi ki Enpòtan Anpil

Aktivite lavi ki enpòtan anpil enkli bagay tankou mache, wè, tande, pale, respire, aprann, dòmi, koube, konsantre, reflechi, kominike, li, manje oswa fè travay manyèl.

Rekòmandasyon

Pwofesè, administratè ak/oswa paran oswa responsab legal kapab refere elèv pou Seksyon 504 fè evalyasyon. Pou fè sa, kontakte responsab 504 lekòl la. W ap resevwa yon avi sou rekòmandasyon an epi ou dwe bay konsantman alekri avan yo kapab fè yon evalyasyon 504.

Evalyasyon

Evalyasyon Seksyon 504 la se rasanble enfòmasyon ki soti nan yon varyete sous ki enkli rannman nan tès, rapò pwofesè, reprimann disiplinè, enfòmasyon sou sante, enfòmasyon sou paran, nòt elèv, ak rapò ki soti deyò nanmen ajans lè sa disponib.

Plasman

Yonfwa yon rasanble enfòmasyon, yon Ekip 504 pral reyini pou diskite sou enfòmasyon an epi detèmine elijiblite pou Seksyon 504. Si li elijib, Ekip la pral kreye yon Plan 504 pou pitit ou a. Y ap distribye plan an bay tout moun nan lekòl la ki konsène yo ki pral mete l ann aplikasyon. Nan kontèks 504, "plasman" refere a klas edikasyon regilye avèk akomodasyon endividyèl yo idantifye.

Akomodasyon

Y ap ekri akomodasyon yo pou jere bezwen chak elèv an patikilye, baze sou andikap li. Entansyon akomodasyon an se ofri pitit ou a menm aksè nan edikasyon tankou tout lòt elèv ki pa genyen andikap. Li pa la pou bay

Egzanp Akomodasyon ki Komen :

- Plas preferansyèl
- Devwa ki kout
- Devwa yo modifiye (men ki pa kontni akademik)
- Èd nan pran nòt
- Plis tan pou devwa oswa tè
- Plan Konpòtman
- Transpò
- Plan Sante
- Ofri yon kamarad pou ede l
- Modifiye PE ak Rekreyasyon

Avantaj Seksyon 504

- Akomodasyon yo bay yon teren jwèt ki nivle, ak aksè egal pou elèv ki genyen andikap
- Akomodasyon nan anviwònman klas la.
 - * Akomodasyon pèsonalize
 - * Anviwònman fizik
 - * Materyèl pedagogik
 - * Modèl Pedagogik
 - * Tès
 - * Devwa
- Pwoteksyon kont diskriminasyon
 - * Akademikman
 - * Aksè nan aktivite
 - * Aksè nan pwogram
 - * Disiplin
- Aksè egal ego
- Edikasyon Piblik Gratis epi Apwopriye (FAPE ann anglè)